

# CLE

## *Yon Metòd Ansèyman*

Concentrated Language Encounter (CLE), lè li tradwi an kreyòl Ayisyen an, li vin ban nou: Konsantre sou Langay nan tout Rankont pou Aprantisay (KLRA). CLE, osnon KLRA, se yon metòd pou aprann timoun kou granmoun li ak ekri. Nan metòd sa a se ak istwa patisipan yo yo menm kreye nou sèvi, pou montre yo kòd, fè gramè epi fè liv.

## *Jwe pou Aprann*

Travay sa yo fèt ansanm ak patisipan yo nan yon anbyans jwèt e sa pou plizyè rezon: 1) Moun aprann pi byen an jwèt, 2) anbyans ki kreye a bay opòtinite pou yo patisipe pi byen nan sa yo vle aprann nan, reflechi sou li epi devlope yon kalite abitud ki pou pèmèt patisipan yo kontinye edikasyon pwòp tèt yo menm lè yo pa anndan sant alfa ankò.

## *Rotary + Alfabetizasyon = Wotalfa*

Se Rotary Klib ann Ayiti yo ki mete sou pye pwogram Wotalfa nan lide pou pèmèt moun k ap travay nan alfa gen bon jan zouti (CLE/KLRA) ki pou pèmèt yo fè travay la pi byen. Pa mwayen metòd sa a anpil timoun ak granmoun rive konn li ak ekri. Kidonk, enplikasyon Rotary nan alfa kontribye a redui to analfabetis nan peyi a e fasilite echanj ant diferan gwoup k ap travay nan alfa yon mannyè pou kwape mal sa a kise pa konn li ak ekri nan peyi a.

[www.rotaryliteracy-haiti.com](http://www.rotaryliteracy-haiti.com)

## *Men kouman pou pran kontak ak kèk pratikan metòd sa yo:*

### *Lagonav*

Abner Sauveur, Lekòl Kominotè Matènwa (abnerjeansauveur@yahoo.fr)  
Vana Edmond, Lekòl Matènwa (vana79@yahoo.fr)  
Enel Angervil, Lekòl Matènwa (eneldieu@yahoo.fr)  
Tel: 550-0773

### *Okay*

Frantzie Cyril, Programme Alphabetisation pou la Promotion de l'Enfance (PAPE) (frantziecy2@hotmail.com)

### *Leyogàn*

Abelard Xavier, Rasin Lespwa (xabelard@yahoo.fr)  
Frémy Cesar, Aprantisaj nan Pedagoji Altènativ (APA) (fremycesar@hotmail.com)  
Tel: 409-0192

### *Pòtoprens*

Jude Appolon, Gwoup Aksyon pou Lapè ak Otonomi (GALO) (judeappolon@hotmail.com)  
Tel: 552-0676  
Samson Joseph, Gwoup Aksyon pou Lapè ak Otonomi (GALO) (samimijoseph@hotmail.com)  
Ulrick Denis, Gwoup Aksyon pou Lapè ak Otonomi (GALO) (ulrickafr@yahoo.fr)

### *Petyonvil*

Fondasyon Limyè Lavi (limyèlavi@aol.com)  
Dèlmas 95, Rue Bailly #1, Jacquet Toto  
257-6357 / 512-3149  
Kent Annan, asosye Limyè Lavi (kent@beyondborders.net)  
Tel: 417-0890

### *Ozetazini*

John Engle, The Experiment in Alternative Leadership (john@theexperiment.info)

Nou gen materyèl disponib ajou sou chak metòd sa yo. Si w vle jwenn plis enfòmasyon sou aktivite k ap fèt nan metòd sa yo ak moun k ap pratike, ale sou sit enènèt sa a:

[www.eksperyansla.info](http://www.eksperyansla.info)

11 janvyè, 2005


# 4

## Zouti

## Nan

## Edikasyon

## Altènativ



*Kèk fason pou gwoup ou, kominote ou, ak òganizasyon ou kapab vin pi efikas.*



# Wonn Refleksyon

## Objektif Wonn Refleksyon:

Wonn Refleksyon se yon aktivite edikativ ki gen de (2) gwo bi:

1. Ede patisipan yo aprann li byen, ki vle di ede yo devlope yon bon relasyon ak tout sa yo li.
2. Ede manm yon gwoup aprann kijan pou yo pran plis responsabilite pou edike pwòp tèt pa yo.

Anplis, Wonn Refleksyon pèmèt moun vin pi fò nan fè dyalòg youn ak lòt. Li ede moun vin pi efikas nan travay nan gwoup, epi li bay posibilite pou chak moun devlope lidèchip ki lakay li.

## Men kijan sa Mache

Nan yon seyans Wonn Refleksyon patisipan yo chita nan yon wonn pou yo pale ansanm sou yon tèks ke yo li ansanm. Yo travay ansanm pou:

1. Konprann tèks la byen,
2. Reflechir ansanm sou tèks la, epi
3. Wè ki rapò tèks la genyen ak reyalite lavi yo.

# Espas Ouvri

## Yon Metòd pou òganize Rankont

Metòd Espas Ouvri se yon fason pou reyalize rankont ki dinamik epi ki pote anpil fwi avèk nenpòt kalite gwoup osnon òganizasyon. Eksperyans nou pandan 15 dènye ane yo montre nou abitud ouvri espas kòm yon pratik nan lidèchip kapab rann nenpòt òganizasyon pi kreyatif e pi efikas.

## Travay Ansanm sou yon Tèm

Rankont yo toujou fèt sou yon tèm ki gen enpòtans pou moun yo pa egzanp: “Kijan nou kapab travay pi byen ansanm pou abòde pwòp bezwen kominote a?”

## Pouvwa nan men Patisipan yo

Nan yon rankont Espas Ouvri, se moun ki prezan ki bati pwòp pwogram pa yo pou tan yo pral pase ansanm. Nòmalmman gen yon seri atelye diferan k ap fèt alafwa parapò a sijè patisipan yo te pwopoze. Chak moun deside pou kont li nan ki atelye li vle patisipe.

## Yon Zouti Byen Efikas

Avèk gwoup 5 pou rive 1000 moun, kit se yon rankont yon sèl jou, kit se yon konferans twa jou, oswa yon reyinyon regilyè, rezilta n ap viv se yon dinamizasyon nan aktivite kolektif yo. Tan moun pral pase ansanm pral yon bon moman pou fè dyalòg, planifye, aprann youn nan men lòt, dekouvri, vin pi angaje, epi reyalize plan yo menm.

# Refleksyon Bib la

## Lekti ak Lapriyè

Refleksyon Bib la se yon metòd pou fè lekti ak lapriyè avèk yon ti gwoup.

## Inite

Refleksyon Bib la se yon fason pou kiltive inite kòm frè ak sè nan fanmi Bondye a epi pou grandi ansanm nan lavi espiyèl nou. Nou kwè, jan levanjil la di l la, kote de (2) oubyen twa (3) moun reyini, li la nan mitan nou. (Matye 18:20)

## Tandè Vwa Bondye

Bondye pale ak nou nan Bib la. Li fè nou menm pitit li konnen jan li renmen nou. Metòd sa a se yon fason pou ede nou aprann tandè vwa Bondye.

## Kilès kapab fè l ?

Nenpòt gwoup kat (4) a nèf (9) moun kapab fè Refleksyon Bib la ansanm, epi fòk gen omwens youn moun nan gwoup la pou li pasaj nan Bib la. Pratik sa a mache pi byen si li fèt regilyèman ak menm gwoup moun yo.

Genyen yon livrè disponib ki kapab eksplike w metòd la yon fason pi detaye.

